

Jipon nwa a

(Emmanuel W. Védrine)

1986

(Adaptasyon 'Le pargne noir', istwa afriken Bernard Dadié rakonte)

Se te yon lè, te genyen yon tifi an(n) Afrik ki te rele Ti Yaya. Li te pèdi manman li menm jou li te fèt la. Akouchman sa a te dire yon semèn. Anpil fanmchay te kouri pou vin bay konkou. Akouchman an te dire. Premye kri ti bebe a koresponn ak dènye soupi manman an.

Mari a te fè bèl antèman pou madanm li. Apre kèk ane, misye te remarye. Depi lè sa a, Ti Yaya kòmanse pote kwa li. Nanpwen yon mizè li pa t pase; nanpwen yon travay fòse li pa te fè. Ti Yaya te toujou ap souri. Souri li te enmède bèlmè a ki te toujou ap moke l.

Ti pitit sa a te bèl kou yon solèy. Ti Yaya te konsidere kòm pi bèl tifi nan vilaj kote li te ye a. Sa se yon lòt bagay ki te fè bèlmè a vin pi jalou paske se li menm ki ta renmen gen yon bote konsa. Se plis li t ap chèche mwayen imilye Ti

Yaya, se plis li t ap bay Ti Yaya travay fòse fè men ti pitit la te toujou ap souri. Ti òfelin sa a te genyen yon jwa debòde. Li te toujou ap chante. Li pase tout rève sa yo paske li pa te janm dekouraje. Se te li menm ki te premye moun ki leve, dènye moun ki al kouche. Li te konn leve anvan kòk chante; li t al kouche lè dòmi pran tout chen.

Bèlmè a te vin pa konnen kisa pou li fè pou Ti Yaya kite kay la. Li chèche bagay li te dwe fè lematen lè li leve, a midi lè li t ap manje, leswa lè li t ap kabicha. Ou ta ka wè tout vyepanse sa yo nan je madanm nan. Li te fè yon jan kanmèm pou Ti Yaya fache; se plis kè li te kontan, se plis li t ap chante, se plis li te vin pi bèl.

Bèlmè a chèche tout mwayen sa yo ak yon dal pasyans. Yon jou maten konsa, tifi a t ap soti andedan ti joupa a, li di ti òfelin nan:

«Men! Al lave jipon sa a kote ou vle! Lave l jiskaske li vin blan!»

Ti Yaya pran jipon an bò kote pye li epi l souri. Souri a ranplase tout kwa, rèvè, soufrans. Se te yon souri ke tout moun nan vilaj la t ap chèche men yo pa t kapab jwenn li. Te gen yon flanm dife ki t ap boule nan kè madanm nan.

Ti Yaya pran jipon an li mete deyò. Apre li te fin mache pandan yon pakèt nwit, li te rive bò yon ravin. Li plonje jipon an nan yon basen; jipon an pa vle mouye. Dlo a te gen yon dal pwason, piskèt, grenouy. Ti grenouy yo t ap gonfle vwa yo kòm si pou fè ti lezanj lan pè. Ti Yaya replonje jipon an nan dlo; li sèmante pou li pa mouye. Li rebran wout li l ap chante.

*Manman, si ou te wè m nan wout la
Ti Yaya o! Ti Yaya o!
Wout ki mennen larivyè a
Ti Yaya o! Ti Yaya o!
Jipon nwa a dwe vin blan
E dlo a refize mouye li
Ti Yaya o! Ti Yaya o!
Dlo a klè kou jou
Li koule san pwoblèm
O manman, si ou te wè m nan wout la
Ti Yaya o! Ti Yaya o!*

Li pran chemen an ankò. Li fè sis jou ap chante. Li wè yon pye mapou ki kouche antravè wout la. Li wè dlo ap soti nan yon twou pyebwa a; dlo a tou jòn. Bò dlo sa a, li wè yon seri papa fwomi; dan yo byen long. Ensèk yo ap gade li. Ti Yaya monte desann bò pyebwa a. Sou pi gwo branch lan k ap vize lesyèl, li wè yon gwo zwazo; zèl li byen long. Je bèt la tankou flanm dife. Ti Yaya t ap chante.

*Manman, si ou te wè m nan wout la
Ti Yaya o! Ti Yaya o!
Wout kote sous la pral mouye jipon an
Ti Yaya o! Ti Yaya o!
Jipon nwa a ke dlo mapou a refize mouye
Ti Yaya o! Ti Yaya o!*

Li kontinye chemen li, toujou ap souri. Li mache yon pakèt jou ak nwit ke moun pa ka konte. Li pa janm repoze; nouriti li se fri ke li te keyi bò chemen an; bwason li se lawouze ki te tonbe sou fèy yo. Li te rive nan yon forè kote chenpanze fè katye jeneral yo. Chenpanze yo te tèlman gen lontan depi yo pa frape biskèt yo. Yo ba li pèmisyon lave jipon an nan sous la ki t ap pase nan katye sa a men dlo a refize mouye rad la.

Ti òfelin nan te kontinye wout li; li rive kounyeya nan yon andwa ki reyèlman etranj. Wout la ouvè devan l epi l fèmen dèyè l. Tout bagay t ap pale: pyebwa yo, zwazo yo, fèy bwa yo ki tonbe atè, lyann yo, anfen tout bagay. Li prese kòm si gen yon bagay ki t ap pou suiv li. Li travèse plizyè kote ki fè li antre plis nan forè a.

Li wè yon ti klète pi devan anba yon pye bannann. Te gen yon dlo ki t ap soti la. Li mete ajenou; li souri. Dlo a te an mouvman. Li te si klè ou wè syèl la, nyaj yo ak pyebwa yo parèt ladan. Ti Yaya te pran nan dlo sa a; li lage sou jipon an. Li te resi mouye. Tifi a fè de jou ajenou bò kote sous la pou l lave jipon an ki te rete tou nwa. Li t ap gade men li ki plen ak zanpoud. Li kontinye lave.

Manman, vin wè m!

Yaya o! Yaya o!

Jipon nwa a pral vin blan kou pòslèn chinwa.

Vin wè mwen, vin wè pitit ou!

Yaya o! Yaya o!

Finis Ti Yaya fin chante, manman li lonje yon jipon blan ba li, pi blan ke nèj. Li pran jipon nwa a nan men l epi l disparèt nan lè a. Lè bèlmè a te wè jipon blan an, li ouvè je l lajè sa!

Li tranble kou fè bwa. Kounyeya, se pa kòlè, men se lapèrè paske li vin rekonèt youn nan jipon blan yo te antere manman Ti Yaya. Ti Yaya toujou ap souri, yon souri ki pa kapab konpare ak lòt.

(fen)

E. W. Védrine